**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—21.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

सम्पूर्ण देश मे आइ अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस उत्साहपूर्वक मनाओल गेल। एहि वर्ष अंतर्राष्ट्रीय योग दिवसक विषय अछि—स्वयं और समाज के लिए योग। एहि अवसर पर मुख्य समारोह श्रीनगर के शेर—ए—कश्मीर अंतर्राष्ट्रीय सम्मेलन केन्द्र मे आयोजित कयल गेल, जतऽ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी समारोहक नेतृत्व कयलनि। एहि अवसर पर सात हजार सँ बेसी व्यक्ति प्रधानमंत्रीक संग योगाभ्यास कयलनि। बाद मे एक जनसभा के सम्बोधित करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे दुनियाभरि मे योग अपनाबयवलाक संख्या बढ़ल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री यूरोप मे योगक स्वीकार्यताक जनतब दैत कहलनि जे एखन धरि डेढ़ करोड़ जर्मन नागरिक योगाभ्यास कऽ चुकल छथि। ओ कहलनि जे योग आइ शोधक विषय बनि गेल अछि आ एहि विषय पर कतेको शोध पत्र सेहो प्रकाशित भऽ चुकल अछि। ओ कहलनि जे दुनिया योग के वैश्विक कल्याणक एक शक्तिशाली तंत्रक रूप मे देखि रहल अछि।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू वैश्विक समुदाय विशेष कऽ देशवासी लोकनि के अंतर्राष्ट्रीय योग दिवसक शुभकामना देलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे राष्ट्रपति योग के मानव लेल भारतक अनुपम उपहार कहलनि। राष्ट्रपति लोकसभ सँ योग के दैनिक जीवनक अभिन्न अंग बनेबाक आग्रह सेहो कयलनि।

---

एम्हर, प्रदेश मे सेहो योग दिवस पर कतेको कार्यक्रम आ योग सत्रक आयोजन कयल गेल। हमर संवाददाता लोकनि जनौलनि अछि जे पंचायत आ गाम स्तर पर सेहो योगाभ्यास कार्यक्रम आयोजित भेल। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकरक नेतृत्व मे राजभवन परिसर मे कर्मी आ अधिकारी लोकनि सामुहिक रूप सँ योगाभ्यास कयलनि। केन्द्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानन्द राय समस्तीपुर जिलाक सरायरंजन मे योग कार्यक्रम मे भाग लेलनि। पटना मे

आयुष मंत्रालय दिस सँ पाटलिपुत्र खेल परिसर मे योग समारोहक आयोजन कयल गेल, जतऽ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विजय कुमार सिन्हा, स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय आ सहकारिता मंत्री प्रेम कुमार सहित आनो गणमान्य लोक सामुहिक योगाभ्यास कार्यक्रम मे भाग लेलनि। दानापुर स्थित बिहार रेजिमेन्टल सेन्टर मे सेनाक जवान, अग्निवीर आ अधिकारी लोकनि सामुहिक योग कार्यक्रम मे भाग लेलनि। मुंगेर स्थित बिहार योग विद्यालय मे सेहो योगाभ्यासक विशेष सत्र आयोजित भेल। दरभंगा मे सांसद गोपालजी ठाकुर, विधायक संजय सरावगी आ जिलाधिकारी राजीव रौशन सहित आनो लोक योग कार्यक्रम मे भाग लेलनि। एहि ठाम डीएमसीएच मे सेहो योगाभ्यास कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। आकाशवाणी परिसर मे अधिकारी आ कर्मचारी लोकनि योगाभ्यास कयलनि। सहरसा, मधेपुरा, समस्तीपुर, सुपौल, पूर्णियां, कटिहार, सीतामढ़ी भागलपुर, मधुबनी सहित आनो आन जिला सँ योगाभ्यास कार्यक्रम आयोजित करबाक संवाद प्राप्त भेल अछि।

———————————————————————

मेडिकल स्नातक परीक्षा मे प्रवेश लेल आयोजित नीट–यूजी परीक्षा मे कथित गड़बड़ी के लऽकऽ पटना मे आइ कांग्रेस कार्यकर्ता लोकनि प्रदर्शन कयलनि। जखनकि नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव एहि वर्ष आयोजित नीट परीक्षा के रद्द करबाक मांग कयलनि अछि।

———————————————————————

आकाशवाणी समाचार के भारत मे सभ सँ बेसी भरोसावला समाचार ब्रांड मे सँ एक मानल गेल अछि। ऑक्सफोर्ड यूनिवर्सिटी के रॉयटर्स इंस्टीच्यूट फॉर द स्टडी ऑफ जर्नलिज्मक हालहि मे कराओल गेल एक सर्वेक्षण मे देशक मीडिया जगत मे आकाशवाणी समाचारक श्रेष्ठताक पुष्टि कयल गेल अछि। डिजिटल न्यूज रिपोर्ट दू हजार चौबीसक हिस्साक रूप मे जारी एहि वार्षिक रिपोर्टक अनुसार आकाशवाणी समाचार विश्वसनीयताक स्तर पर देशक आन प्रमुख मीडिया संस्थानक तुलना मे बड्ड आगाँ अछि। प्रसार भारतीक अध्यक्ष नवनीत कुमार सहगल एहि उल्लेखनीय उपलब्धि पर कहलनि जे ई सभ परिस्थिति मे सत्य आ प्रमाणित संवाद प्रसारित करबाक आकाशवाणी समाचारक अटूट प्रतिबद्धताक प्रमाण अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे मॉनसून एहि बेर निर्धारित समय सँ करीब एक सप्ताह विलंब सँ पहुँचल अछि। मौसम विभागक अनुसार एखन मॉनसूनक रेखा भागलपुर आ रक्सौल बाटे प्रवेश कऽ रहल अछि। प्रदेश मे पछिला चौबीस घंटा मे सभ सँ बेसी बरखा सहरसा जिलाक सत्तरकटैया मे एस सय सड़सठि मिलीमीटर जखनकि सौर बाजार मे एक सय छओ दशमलव आठ मिलीमीटर दर्ज कयल गेल। मौसम विभागक अनुसार प्रदेश मे अधिकांश ठाम मेघगर्जनक संग आंशिक अथवा मध्यम स्तरक वर्षा हेबाक संभावना अछि। जखनकि दक्षिण–पश्चिम भाग मे उमस भरल गर्मी रहबाक संभावना अछि।

———————————————————————————

मधुबनी जिला मे संभावित बाढ़ि सँ निपटबाक लेल जिला स्तर पर जिला पदाधिकारी अरविन्द कुमार वर्मा जिला नियंत्रण कक्षक गठन कयलनि अछि।

———————————————————————————

छपरा मे दू अधिवक्ताक भेल हत्याक विरोध मे आइ समस्तीपुर व्यवहार न्यायालयक सोझा अधिवक्ता लोकनि प्रदर्शन कयलनि आ न्यायिक काज सँ अलग रहलनि।

———————————————————————————

समाप्त